КъБР-м Iэтауэ щагъэлъэпIащ Адыгэхэм я махуэр

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№184 (23.092) • 2015 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 22, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Ястребовэ В. Л. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр фIэщыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ яхуищIа хэлъхьэныгъэшхуэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр фIэщын **Ястребовэ Викторие Леонид и пхъум** - «Мариинскэ къэрал академическэ театр» щэнхабзэмкIэ федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм и оперэ уэрэджы1акIуэ пажэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм фокIадэм и 18-м
№133-УГ

2015 гъэм фокIадэм и 24-р мылэжьэгъуэ махуэу гъэувыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къурмэн хьидыр гъэлъапIэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и МусПыымэнхэм я Iуэхущ1апIэм зыкъыз1эрысхуиГъэзэм ипкъ иткIэ, **унафэ щII**:

1. 2015 гъэм фокIадэм и 24-р Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мылэжьэгъуэ махуэу щыгъэувын.
2. Мы Указым хэару егъуэт ар къыщытрадза махуэм щыщIэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм фокIадэм и 21-м
№135-УГ

Нэхъыжьхэм пщIэ хуащI

ФокIадэм и 19-м КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ Санкт-Петербург и губернатор Полтавченкэ Георгийрэ Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм пщIэ хуащIу «Щыхьым и мафIэ мыужьыхым» удз гъэгъахэр тралъхьащ.

ХэКУ зауэшхуэм хэтахэр, а зэман хьэлъэм лажьхаэр, КъБР-мрэ Санкт-Петербургрэ я хабзэзубзыку гъэзэщIакIуэ органхэм, хабзэхьумэ Iуэхущ1апIэхэм я лIыкIуэхэр, щIалэгъуалэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм жыджэру хэтхэр, студентхэмрэ школакIуэхэмрэ кърихьлIат зэIущIэм.

Дуней екъижьхэм дакъикъкIэ Iуэхущ1ыгъуэу КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Санкт-Петербург и губернаторымрэ удз гъэгъахэр фэеплъыж тралъхьа иужь, зауэм хэта нэхъыжьыкIхэм епсэлъащ, ящIэнущIащ. Абыхэм яхэтт Ленинград хуит къэзыщыжахэм ящыщи.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм Iуэхур ядиIыгъыу, ахэр Санкт-Петербург ирагъэшэну я мурадщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Санкт-Петербург и делегацэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейм зыщрагъэплъыхь

«ЩIыхьым и мафIэ мыужьыхь» мемориалым удз гъэгъахэр бгъуралъхьа иужькIэ Полтавченкэ Георгий зи пашэ Санкт-Петербург и делегацэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм и щIыпIэ гукъинэжхэм экскурсие къыщIэзэрагъэпэщащ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ я гъусэу хьэщIэхэм къаплъыхьащ Налшык и архитектурэ центрыр, ахэр щыIащ республикэр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъум и цIэкIэ яухуа утым, къалэм и тхыдэм, КъБР-м и къэралыгъуэр зэрызэфIэувам и лъэхъэнэ нэхъыщхьэхэм щагъэгъэуэщ, Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм я «Бжьыхьэ-2015» гъэлъэгъуэныгъэрэ «Адыгэхэр: уэрэхъэр, шууейхэр, зауэлIхэр» экспозицэмрэ къыщыз1ыуаха Лъэпкъ музейм яшащ.

«Сэ, сызэрыцIыхуэхьум икIи нэхъапэм дзэм сызэрыхэтам къыхэкIыу, хуабжьу сфIэхьэлэмэтт Iэщ1ор зэрагъэлэкIуэльаькIуэм, фащым, къэзыхьумэ афэджанэ тельыджэхэм сакIэпльыпльыну. Къалэр икъуейкIэ сигу ирихьащ, дахэщ, кьабзэщ, удзыфэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм Санкт-Петербург тыгъэу къыхуащIащ псей щхьуантIэу 100. Гъатхэр къэсыхукIэ ахэр ди щIыпIэм едгъэсэнщи, иужькIэ Санкт-Петербург и утыку, хадэ нэхъ дахэ ды-дзэхэм щыхэтэсэнщ. Дэ абы хэм дахуэсакъынущ икIи псори тхъуэмнущ», - жиIащ губернаторым, журналистхэм я упщIэхэм жэуап щритым.

КIуэкIуэ Юрийрэ Полтавченкэ Георгийрэ республикэм щынэхъ ин дыдэ «Агро-Союз» ООО мэкъумэш Iуэхущ1апIэм щыIащ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ Санкт-Петербург къалэм и губернатор Полтавченкэ Георгийрэ фокIадэм и 19-м щыIащ республикэм щынэхъ ин дыдэ агрохолдингхэм ящыщ зым.

ШЭДЖЭМ районым щыIэ «Агро-Союз» Iащ1ыхъэ комплексыр яухуащ мурад щхьэхуэм хухаха «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъэш къэзыт Iэщ гъэхъун Iэнатlэм зыщегъэужьын» республикэ программэр ягъэзащIэкIэрэ. Iуэхущ1апIэм зы жэщ-махуэм гъэш тонн 25-м нэсыкъет. Абы езым еIущ1э Iусыпхъэхэр къызыхащ1ыкI къэкIыгъэхэр, жэмхэр къыз1эраш иджырей Iэмэпсымэхэр иIэщ. И лъэщагъ псомкIи лэжьэн щIидзэмэ, республикэм Iэмал игъэтынущ Iэнатlэм щыпашэхэм яхьхьэну.

Полтавченкэ Георгий щIэупщIащ Iуэхущ1апIэм зегъэужьыныкIэ, гъэшу кьалэжьым хагъэхъуэныкIэ щыIэ Iэмалхэм. Губернаторым къыхигъэщащ фIагъ зиIэ икIи экологие и лъэныкъуэкIэ кьабзэ ерыскъыхэкIхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщицэхуну Санкт-Петербург зэрыхуейр.

КъБР-м и Iэтащхьэм Санкт-Петербург и губернаторым Iуащхьэмахуэ лъапэ ирегъэлъагъу

«Ищхьэрэ къалащхьэм» и делегацэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщIыIам КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрийрэ Санкт-Петербург и губернатор Полтавченкэ Георгийрэ Iуащхьэмахуэ лъапэ кIуащ. Бгы-лыжь лъэхъэнэм и пэ къиху1эу, мыбы къаруушхуэ щрахьэ1ащ «Мир» станцым къыщыщIэдзауэ «Гара-Баши» станцым нэсыху kIапсэ гъуэгум и ещанэ Iыхьэр щыукъуэдиныным, бгы-лыжь къежьхьыпIэхэр егъэфIэкIуэным, къыщажьхь щIыпIэхэм зегъэубгъуным. Iуащхьэмахуэ лъапэ зегъэужьыным 2020 гъэр къэсыху псори зэхэту сом меларди 6 трагъэкIуэдэну игъэуващ.

ИЛЪЭГЪУАХЭМ щатепсэлъыхьыжым Полтавченкэ Георгий къыхигъэщхьэхуэ-kIащ: «Дауи, телъыджэ къысщыхъуащ. Сэ нэхъыщхьэ дыдэу сызыхуэяр къызэхъуIащ, дэ мыбы дыкъэкIуащ щIыпIэм и дахагъэр зэдгъэльагъун, бгы-лыжь спортыр фIыуэ зыпIагъуэр иригъэблагъэну зэрыкъэзыырыр зэдгъэщIэн мурадкIэ. Дольагъу лэжьыгъэшхуэхэр зэрекIуэкIыр. Куэд зэфIагъэкIащ, куэди зэфIагъэкIыну къапэщыпIащ. Ауэ иджыпстуи гурыIуэгъуэщ бгы-лыжь курортыр зэрызэфIэуавар. Сэ Санкт-Петербург щыпсэухэм фIэкIыпIэ имыIэу чэнджэщ естынущ мыбы къэкIуэну. Си фIщ мэхъу ялъэгъуар абыхэм ягу къызэринэжынур, щIыпIэри хуабжьу я псэм зэпрыдхьэнур».

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ
АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№184 (23.092) • 2015 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 22, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● ДАХ

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Сэхъурокъуэ Хьэутий етIуанэу хахыж

Щэбэт кIуам Налшык къалэ щекIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Х Конгрессыр. Лъэпкъым и къэкIуэнум иригъавэ, ДАХ-м и Iуэхущ1афэхэм кIэлъыплъ цIыху куэд щызэхуэсат Щоджэнцыкiу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым.

ЗЭХУЭСЫШХУЭМ кърихьэлIащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Юрий**, КъШР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Къзэанокъуэ Руслан**, АР-м Лъэпкъ Iуэхуэхмкlэ, хэхэсхэм запыщIэнымрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и къэрал комитетым и унафэщ1 **Щхьэлахъуэ Аскэр**, Краснодар крайм и вице-губернатор **КIэрмыт Мухьдин**, экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Москва щыIэ адыгэ-абхъаз зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Агырбэ Юрий**, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Мэшбашlэ Исхьэкъ**, адыгэ щыпсэу гъунэгъу хэгъуэгухэм, Тыркум, Сирием, Иорданием, Голландием, Германием, Израилым, нэгъуэщI щIыпIэхэм кьикIа хьэщIэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ.

Сэхъурокъуэ Хьэутий зэIущIэр кьыз1уихыу, ар зэрекIуэкIыну щIыкIэр Iэтэткlэ яубзыхуа нэужь, псалъэ ираташ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Юрий**, КъШР-м, АР-м я Iэтащхьэхэм Конгрессым хэтхэм Зэрызыхуагъаз1эм къеджащ **Къзэанокъуэ Руслан**рэ **Щхьэлахъуэ Аскэр**рэ, Краснодар крайм къикI фIэхъуэ псалъэ жиIащ **КIэрмыт Мухьдин**.

2012 - 2015 гъэхэм кьриубыдэу ДАХ-м иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм убгъуауэ тепсэлъыхьыжащ Сэхъурокъуэ Хьэутий, видеохэмрэ сурэтхэмрэ къызэхуэсахэм ирагъэлъагъуурэ. А пIалъэм кьриубыдэу Iуэху нэхъыщхьэу яIахэр къыхигъэщащ тхьэмадэм - ар Сирием щекIуэкI зауэм къриухужьэжа ди къуэшхэм защIэгъэкъуэныгъ, Кавказ зауэр илъэси 150-рэ зэрырикъум ехьэлIа дауэдапщэхэр хэкуми хамэ къэралхэми къыщыз1эгъэпэщынырт, Сочэ щекIуэкIа ЩIымахуэ Олимп Джэгухэм я щэнхабзэ Iыхьэм екIуу хэтыныгт. Куэд мэхъу тхьэмадэр зытепсэлъыхьар, лъэпкъ Iуэхур гъэкIуэтэным, абы папщIэ зызыпыщIапхьэ унафэщIхэм ядолажьэным, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэм я пащхьэ къыщыпсэльащ Къэпщытакlуэ комиссэм и унафэщI **Къуэдзокъуэ Анатолэ**. Абы цIыхухэр щигъэгъуэзащ ДАХ-м ябыIэрыхьа мылъкур къызыхэкIамрэ ар зытрагъэкIуэдамрэ.

Конгрессым и етIуанэ Iыхьэр зыхухахар хэхьныгъэхэрати, ари зэныкъуэкъу щымыIэу, бзыщIа хэмылъу ирагъэкIуэкIащ. 2015-2018 пIалъэм ДАХ-м и тхьэмадэу щытыну хахыжащ Сэхъурокъуэ Хьэутий. Абы щхьэкIэ Iэ яIэтащ цIыху 73-м ящыщу 62-м. Мыаразхэми я еплъыкIэр къаГъэлъэгуащ, Сэхъурокъуэми зыхунэмысу къэнауэ къилъытэхэмрэ дяпэкIэ щIапхъэхэмрэ къыз1эрыгурыIуэр, хуэзфIэкI къымыгъанэу адыгэм зэрыхуэлэжьэнур къыхигъэщащ.

Абы иужькIэ лIыкIуэхэм Iэлэткlэ хахащ ДАХ-м и тхьэмадэм и къуэдзэхэр, ДАХ-м и Советым хэтыныхэр, Гъэззащ1акIуэ гупым щыпсэжьэнухэр.

Ещанэ Iыхьэр зыхухахауэ щытар адыгэ лъэпкъым нобэкIэ къыпщыпль гугъуехьхэмрэ ахэр зэфIэха зэрыхъунумрэ зэпкърыхыныр арати, абыхэм ятеухуауэ зэпсэльащ Iэщ1агъэлIхэр, Хасэм хэтхэр, хьэщIэхэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

КIУЭКIУЭ Юрий:

Ди лъэпкъэгъуэхэм нэмыщI, Сирием и цIыхубэми бэлыхь зэрателъым дэ демыгупсысын тхуэзфIэкIынукъым

2015 гъэм фокIадэм и 19 - 21-хэм Налшык щекIуэкIа Дунейпсо Адыгэ Хасэм и епщIанэ Конгрессым хэта Иорданием, Сирием, Тыркум, Израилым, Европэм и къэралыгъуэ зыбжанэм (Германием, Голландием) я делегацэхэм, ДАХ-м и унафэщIщIэу хахахэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий яIущIащ.

ДУНЕЙМ и къэралыгъуэ 50-м щIигъум щыпсэу адыгэ жылагъуэр щэнхабзэмрэ лъэпкъымрэ хъума хъун папщIэ зэкъуэгъуэвэным екъэлIа Iуэхугъуэхэм тепсэлъыхьащ. Гулъытэ хэха хуащIащ Сирием кьина щэрджэсхэм (адыгэхэм) сыт илъэныкъуэкIи защIэгъэкъуэн зэрыхуейм.

«Ди лъэпкъэгъуэхэм нэмыщI, Сирием и цIыхубэми бэлыхь зэрателъым дэ демыгупсысын тхуэзфIэкIынукъым», - къыхигъэщащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

КъыззрыгуэкIыу щымыт апхуэдэ Iуэхугъуэм, жиIащ КIуэкIуэм, псом ящхьэщ бгъэдыхьэкIэ зэкIэтъыхьа уиIэныр, къэкIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм лъэныкъуэ зыщемыгъэзыныр, махуэ къэс цIыхухэр зыхэкIуадэ икIи псэуалъэхэр щIэзэтракъутэ Сирием щекIуэкI зэпэщIэтыныгъэр гъэтэмэмыжьыным адыгэхэр щыпсэу къэралхэм я унафэщIхэм ядэщIыгъуу телъэжьэныр. Зи акъылыр зэтес дэтхэнэ зыми иджы къыгуроIуэ Сирием и правительствэ дзэхэм къапэщIэтыр оппозицэраауэ зэрыщымытыр, ар къыщагъэхьуну зэрыхуэщIэкъым хуэдэу, атIэ дунейпсо терроризмэм и къарухэращ. Дуней псом щынагъуэ къахуэзыхь а къарухэм зыуэ дапэщIэтын хуейщ. Араш дыкъызыхуриджэр ди Президент Путин Владимир, дунейпсо терроризмэмрэ экстремизмэмрэебэныныкIэ дызэкъуэувэну къыхилъхьэкIэрэ.

И псалъэмакъым и кIэухэу КъБР-м и Iэтащхьэр зи штаб-фэтэрыр Налшык щыIэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и унафэщIщIэхэм ехьэхъуащ лэжьыгъэфIэр яхуэзфIэкIыну, ДАХ-р «мамырщIэкъу зэгухьэныгъэу адэкIи къэнэн зэрыхуейр» псом хуэмыдэу къыхигъэщри. КъБР-м и властхэм зыхуей псомкIи абы зыщIагъэкъуэнущ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэм адыгэ псори къыхуреджэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум къыщыхъуа къаусъэр зэфIэхыным теухуауэ Урысейм илэжьхэр дагъэкIыну

Налшык щекIуэкIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и епщIанэ Конгрессыр

Пэшым щIэсащ Европэм, Тыркум, Иорданием, Сирием, Израилым, Абхъазым я делегатхэр, властым и органхэм я унафэщIхэр, Краснодар крайм, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Мэздэгум я адыгэ зэгухьэныгъэ нэхъ инхэм я лIыкIуэхэр.

Къыз1эуэкIащ Урысей Федерацэмрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ я гимнхэмкIэ.

Къыз1эуэсахэм защIэуэгъаззм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий тепсэлъыхьащ мы зэманым геополитикэм хуэкIуа шэрджэс Iуэхухэм ящыщу нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм.

Дэ зыщыдгъэгъупщэфынукъым Сирием щыпсэу ди хэкуэгъуэхэр зыхэт бэлыхьхэмрэ гугъуехьхэмрэ

- Мы пэшым щыз1эхуэсащ зи лъэпкъыр гурэ псэкIэ фIыуэ зыльгъэу щыхуэкIэр, абы и сэбап зыхэлъхэм хьэлэлу хуэлэжьэну хъэзырхэр. Си гум къыбгъэдэкIыу фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ фэ фщыщ дэтхэнэми, псом хуэмыдэу жыжьэ зэрыщыIэми, зыщыпсэу къэралхэм щытыкIэр зэрыщыгугъуми щхьэкIэ къамыгъанэу, Конгрессым къыхуеблэгъа ди хэкуэгъуэхэм. Фи фIэщ фщIы дэ абы пщIэшхуэ дыдэ зэрыхуэтщIыр. Нэщэнэ гъуэзэджэщ ДАХ-м и Конгрессым и иджырей зэIущIэр Адыгэхэм я гуфIэгъуэ махуэм и пэ къихуэу зэрекIуэкIыр. ГуфIэгъуэр, хабзэу зэрыщытщи, ягъэльапIэ къудейкъым, атIэ абы щыз1эхалъхьэ къызэранэкIа гъуэгум кърикIуэахэр, къэкIуэнум зэфIагъэкIынухэр щагубзыху.

Мы гуфIэгъуэр щыдгъэльапIэкIэ дэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым Сирием щыпсэу ди хэкуэгъуэхэр нобэ зыхэт бэлыхьхэмрэ гугъуехьхэмрэ. Фэрэ дэрэ дольагъу къухьапIэ къэралхэм КъуэкIыпIэ Гъунэгъумрэ Африкэ континентымрэ жыжьэрыплъэу икIи егупсысауэ щымыту щрагъэкIуэкI политикэм узыхуишэр. Дэнэ щыпIи щыз1эымыбзщ, цIыхухэр щаукI, унэхэр щакъутэ, минищэкэр щIэпхъуэжащ. Апхуэдэ щытыкIэ щыз1эфIэува зэманым кIуэ пэтми къэрал, лъэпкъ нэхъыбэм къэрал щхьэхуэхэм я геополитикэ мурадхэм жыджэру пщIэт, зэпэщэча Iуэху бгъэдыхьэкIэ тэмэм зиIэ Урысейм я гупэр къыхуагъаз. Дэ екIуэкI Iуэхухэм дыхэмыIэбэу хъунукъым, Сирием къыщыхъуа къаугъэр зэфIэхыным теухуауэ ди къэралым иригъэкIуэкI политикэр, а къэралым и цIыхубэм, абыхэм ди хэкуэгъуэхэри яхэту, лъэныкъуэ псомкIи зэпымыуэу щIэгъэкъуэн хуэхъу ди къэралым и Iуэху бгъэдыхьэкIэр дэтIыгъын хуейщ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

ЗыузэщI, ефIакIуэ, си лъэпкъ дахэ!

Жьыуэ хуэзщIэтэджат ди цIыхухэр мы гуфIэгъуэм - Адыгэхэм я дунейпсо махуэм. Инми цIыкIуми я гукъыдэжьыр къыIэту бжьыхьэпэ уэфIэ дахэт, зыкъызыхьт. ЩIыз1эхьам и мыхьэнэр къагурыIуэу, езы цIыхухэми зыкърахырт.

ЗИ ЩХЬЭМ, си блэкIам пщIэ хуэзыщIыж, си къэкIуэнум егупсыс лъэпкъым тхыдэшхуэ, Iуэхугъуэ инхэмкIэ гъэнщIа тхыдэ хьэлэмэт иIэщ. Апхуэдэщ ди лъэпкъ мащIэр, ауэ уардэр. А ди тхыдэ кьулейм къыхэхъуащ Адыгэхэм я дунейпсо махуэм хуагъэхьэзыра нэгуэгъэзыжь Iуэхугъуэ гукъинэжхэр.

Нэгъаби хуэдэу, зэщIэкъуауэ, екIуу ар республикэм и щIыпIэ псоми щрагъэкIуэкIащ. Налшык Абхъазым и цIэр зезыхьэ и утыкушхуэм щыз1эхуэсат гуфIэгъуэм и зэхэублакIуэхэри, ветеранхэри, парт, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэри, ныбжьыщIэхэри.

Фымрэ дахагъэмрэ хуэгъэпса сыт хуэдэ Iуэхуми ди цIыхухэр гуапэу, дорэжьэгъуэ яIэу Iуощ1э. ФокIадэм и 20-м ар аргуэру ди нэгу щIэкIащ. Зэщ1экъуауэ утыкум щагъэувэ лъэпкъ пщIанТIэхэм, лъэр щIэзыгъэкI макъамэхэм щIэту, цIыхухэр щрагъэблагъэрт. Республикэм и артист пашэхэм, творческэ гупхэм концерт купщIафIэр зэхаублат.

Ялэ пщIанТIэр зейр Тэрч щыналъэм къикIахэрт. ПщIэм и тхьэмадэ КIэрэф Мурадин гуапэу къыпТIущIащ.

- Адыгэхэм я махуэр иджы етIуанэу догъэльапIэ. Мыбы мыхьэнэшхуэ иIэщ, дунейпсом щикъуэ ди лъэпкъыр зэзыщэлIэж Iуэхугъуэщ. Яхуэфащэ увыпIэ яIыгъыжу адыгэхэр къогъуэгурыкIуэ. Ди тхыдэ кьулейр абы и щыхьэтщ. Къапщтэмэ, щIыпIэ куэдым хэгуэша хъуами, ди хабзэ хьэлэмэтыр, зэхэтыкIэ дахэр ящыгъупщэркъым. Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ абы и къудамэхэмрэ я Iуэхум зэрытелажьэм фIы кьоркIуэ. Махуэ хэха дызэриIэм ину дрогушхуэ. Абы ди лъэпкъыр нэхъри зэригъэубыдыжьыну къыдольытэри, ди зыуэщIыныгъэм, зэгурыIуэныгъэм лъабжьэ ябыдэ хуэхъуну дыщогугъ, - къыхигъащащ КIэрэф Мурадин.

(КIэухыр 4-нэ нап.).

КъБР-м и Iэтащхьэм адыгэ псори къыхуреджэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум къыщыхъуа къаугъэр зэфIэхыным теухуауэ Урысейм илэжьхэр даIыгъыну

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Нобэ Iуэхум тэмэму егупсыс цIыху псоми къагуроIуэ: Сирием и правительствэ дзэхэм къыпащIэтыр оппозициэракъым, апхуэдизу къыщIагъэдзыну хущIэкъуми, атIэ дунейпсо терроризмэрщ.

ИкIи дунейпсо цIыхубэм шинагъуэ къезыт а къару фIыщIэхэм ятеIуэрыгъ. Мис ардыдэрщ дунейпсо терроризмэмрэ экстремизмэмрэ ятеIуэрыгъуэ ку-алицэ зыубгъуа къызэрагъэпэщыну къыхилъхьэрэ ди Президент Путин Владимир Владимир и къуэм дыкъэзыхуриджэр.

Мис ар и лъабжьэу дызэтехуэн хуейщ ди хэкуэгъуэхэм я мызакъуэу, зэрыщыту Сирие къэралыгъуэм и гъащIэм дызэрыбгъэдыхьэр.

Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэрызэрагъэпэщар къэрал 50-м щIигъум мы зэманым щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм я гум гугъапIэ инхэр кIызылъхьа икIи адыгэ лъэпкъым и гъащIэм увыпIэшхуэ щызыубыда Iуэху хъуащ. А гугъапIэр екъэпIат зэгухьэныгъэр адыгэ, абхъаз, абазэ лъэпкъхэр къэзэщIэрэщIэжыным теухуа къэпэнкIэр зэфIагъэкIын папщIэ дунейм тет адыгэ псори зэщIэзыгъэуIуэ къарууэ щытыным. Ебэлэиныгъэ гъэри кэмыльу нобэ жыпIэ хъунущ ассоциацэр пщIэшхуэ зиIэ, дунейм и щIыпIэ куэдым я къэрал, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къалытэ икIи къадэлажьэ дунейпсо зэгухьэныгъэм хуэкIуауэ. Ди дежкIэ хуабжьу гуапэщ къэралхэм я нэхъыбэм ди хэкуэгъуэхэм хуабжьу къаззыщыщытхъур, жылагъуэ-политикэ, къэрал Iуэху мыхьэнэшхуэ зиIэхэм щатепсэлъыхькIэ абыхэм я Iуэху елпыкIэр къызэралъытэр.

Адыгэхэр зэи ирисондзэджэракъым япэ итахэм ятелъа бэлыхьхэм, ар и лъабжьэу адрей лъэпкъхэм зэран яхуэхъуefIэкIыныгъэхэр зрагъэгъуэтыну хущIэкъуакъым. Си фIэщ мэхъу ноби апхуэдэ къызэрыдмыгъэхъунур

Си гуапэ хъуэу фIыкIэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ дызыщIыгъаз гугъуехьхэм Iуэрми, блэкIа илъэсхэм ДАХ-м мамырыгъэмрэ гуманизмэмрэ я гупсысэхэр сыт щыгъуи зэрыпхигъэкIыр. Ар къызыхэкIри гурыIуэгъуэщ, сыт щыхэкIэ жыпIэмэ, а гупсысэхэр адыгэ лъэпкъым и гупсысэкIэм я лъабжьэу щытащи. ПIощIыгъуэкIэрэ къадекIуэкI адыгэ лъапIэныгъэхэр пхигъэкIыурэ ДАХ-р хущIокъу лъэпкъым и псэкупсэр, и бзэр, хабзэхэр хъумэным, апхуэдизу Кавказ зауэм щIэину къыхтхуигъэна кьалэнхэр зэфIэгъэкIыным. Абы белджылыуэ щыхьэт техуэхэм ящыщщ Сочэ кьалэм XXII ЩIымахуэ Олимп Джэгуфэр щыщIекIуэкIым адыгэ жылагъуэм къигъэлъэгуа Iуэху бгъэдыхьэкIэр. Абы папщIэ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Владимир и къуэм фIыщIэшхуэ къахуищIащ.

ЩхьэхуэУ къыхэзгъэбелджылыкIым хуейщ адыгэхэр япэ итахэм ятелъа бэлыхьхэм зэи зэрыримысондзэжраР, ар и лъабжьэу адрей лъэпкъхэм я зэран зыхэлъ efIэкIыныгъэхэр зрагъэгъуэтыну зэрыхущIэмыкIуар. Си фIэщ мэхъу ноби дэ апхуэдэ къызэрыдмыгъэхъунур.

Мыхьэнэшхуэ дыдэ иIэщ ДАХ-р дяпэкIи зэпэщэча Iуэху бгъэдыхьэкIэм тетыным, лъэпкъыр зэщIэгъэуIуэным хуэлэжьэным. Дэ иджы ипэжьипIэкIэ адыгэ цIыхубэм и лъэпкъ, щэнхабзэ къэгъэщIэращIэжьныгъэм, абы и къэкIуэнымэ хуэфэщэн псэуныгъэ-экономикэ зыуэжьныгъэ зэпIэзэрытым егъэщIыпIа кьалэн ин дыдэхэр зэфIэдгъэкIын щIэддза кьудейщ.

Хуит сыфщI адыгэ лъэпкъыр хъумэным, абы и зыужьныгъэм и унэтIныныгъэхэр ящIэлъхьуэным, сэ сызэрепIуымкIэ, хуэгъэза хэкъ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху зыбжанэм кIэщIу сыкъытеувыIэну.

Урысей Федерацэр дунейм тет къэрал закъуэщ, ди лъэпкъхэм къэралыгъуэ щаIэу, адыгэбзэр къэралыбзэм щыхуагъэкIуауэ, зыми емыщхь адыгэ щэнхабзэмрэ хабзэхэмрэ яхъумэн папщIэ IэмалыфIхэр къыщыдзэрагъэпэщауэ

Япэрауэ. Глобализацэм и иджырей лъэхъэнэм дунейпсо жылагъуэр кIуэ пэтми нэхъыбэрэ ирехулIэ лъэпкъхэм езыхэм я щэнхабзэмрэ бзэмрэ хъумэжыным егъэщIылIа Iуэхугъэр зэфIагъэкIын зэрыхуейм. Апхуэдэ щытыкIэ щыщыIэ зэманым ди лъэпкъ щIэиныр хъумэным икIи абы зегъэужьыным теухуа кьалэным мыхьэнэ щхьэхуэ иIэ мэхъу. Абы щыгъуэми мыхьэнэшхуэ иIэщ хъумэным адрейхэм япэIащIэ зытщIын хуейуэ къызэримыкIыр къагурыIуэным, ди лъэпкъым езыр зэIуахуэу щымыту, адрей лъэпкъхэм ядэлажьэн и лъэныкъуэкIэ зэIуахуэ щымыту, ди щэнхабзэр урысей, дунейпсо щэнхабзэхэм я екъулIэныгъэфIхэмкIэ къулей ямыщIу ди лъэпкъым хуэфащэн увыпIэ къызэрызэрамигъэпщыфынур.

ЕтIуанэрауэ. Адыгэхэм я зэхуэдэ тхыдэр тхыжьымкIи икIи къыдэгъэкIыным теухуа лэжьыгъэр щIэгъэхуэбжьэн хуейщ. Дэ езым ди лъэныкъуэкIэ дыхьэзырщ мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхур жыджэру дэтIыгъыну. Адыгэ алыфбеймрэ бзэмрэ егъэфIэкIуэным теухуа лэжьыгъэми кьаруущIэ екъулIэн хуейщ. Мыхьэнэшхуэ зиIэ а кьалэныр зэфIэгъэкIыныжмкIэ нэхъ Iэмалыфl дыдэхэр здэщыIэр ди дежщ, Урысей Федерацэрщ, ар ди лъэпкъхэм езыхэм я къэралыгъуэ щаIэжу, адыгэбзэм къэралыбзэм и мыхьэнэ иIэу, зыми емыщхь адыгэ щэнхабзэмрэ хабзэхэмрэ яхъумэн папщIэ Iэмалыфlхэр нэсу къыщыдзэрагъэпэщауэ зэуднейм тет къэрал закъуэу зэрыщытыкIэм хуэфащэ.

Ещанэрауэ. ДАХ-м и лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ зиIэ и унэтIныныгъэ увын хуейщ ди республикэхэр адыгэхэр куэду здэщыIэ къэралхэм экономикэ и лъэныкъуэкIэ зэрадзлажьэм зегъэужьыным щIэгъэкъуэн хуэхъунур. Мы зэманым ар иджыри белджылыуэ мащIэщ. Дэ, Къэбэрдей-Балъкъэрми, икIи, щхьэ къыщетхъэрэкъыми, Къэрэшай-Шэрджэсми, Адыгеймi дыщыхуэхьэзырщ инвесторхэм папщIэ, зэрыщыту бизнесым папщIэ, нэхъ Iэмалыфl дыдэхэр къызэдгъэпэщынму. Ар къыдэхъуIэнущ федерацэм абы папщIэ мы зэманым зыхуеину Iэмал псори, абыхэм хабзэгъэувкэри яхэту, къызэрыщыщызэрагъэпэщам къыхэкIыуи. ИкIи икIэм-икIэжьым аргуэру, сэ сызэрелпIымкIэ, мыхьэнэшхуэ зиIэ зы Iуэхугъуэ. Дунейпсо Адыгэ Хасэр езым и купщIэкIэ къэнжьын хуейщ мамырыгъэр зи лъабжьэ зэгухьэныгъэу. Дэнэ щIыпIэ къыщымыхутами, адыгэхэм сыт щыгъуи мамыр жэрдэмхэр ягъэзбгъуэн, езыхэр здэщыIа къэралхэм я властхэм жыджэру ядэлэжьэн хуейщ. Апхуэдэ зэхуэщытыкIэхэр зэрызэтраухуэн и щапхъэщ, ди хэкуэгъуэхэри яхэту, псэкупсэкIэ къыпыщIа лъэпкъ куэдыкIейр кIуэ пэтми нэхъ къыдэзыхьэх къэралу иужь илъэсхэм зэфIэувэ Урысейр. НэгъуэщI къэралхэм щыпсэу адыгэ щIалэгъуалэм ящыщу минхэр зрысей вузхэм щодгъэ. Гуманитар, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэм заубгъу икIиахэр нэхъ быдэ мэхъу. Адыгэ куэдым я адэжь хэкум къагъэзэж икIиахэр жылагъуэм и фIыгъуэ зыхэлъхэм я гугъущIэшхуэ хэлъажьэ. ИкIи мыхьэнэшхуэ дыдэ иIэщ пщIэ зэрызэхуэщIыр и лъабжьэу властым и органхэм быдзу ядэлажьэу, Урысейм и лъэпкъхэм япыщIауэ фIэкIа адыгэ лъэпкъым зэрызимыужьынур, хуэфэщэн къэкIуэн иIэныр къызэрызрамыгъэпэщыфынур ди хэкуэгъуэхэм я нэхъыбэм кьаззэрыгурыIуэм.

Дэ дыхуиткъым адыгэ лъэпкъыр къэгъэщIэрэщIэжыным, хъумэным икIи абы зегъэужьыным ехьэлIа Iуэхуэр езыхэм я мурад фIейхэмрэ геополитикэ сэбэп зыхэлъхэмрэ пхащIэ къаГъэсэбэпыну яхуэддэну

Сэ шэч гуэри къытесхьэркъым и пщэ дэлъ жэуаплныгъэмрэ игъэзащIэ тхыдэ кьалэнышхуэмрэ куууэ зыхищIэкIэрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэр сыт щыгъуи зэщIэуIуэныгъэм, адыгэ лъэпкъыр зэкъуэузыным зэрыхуэлажьэнум. Иджырей дунейм геополитикэ зэхъуэкIыныгъэ ин дыдэхэр щыщIекIуэкI мы зэманым ДАХ-м и апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм мыхьэнэ ин дыдэ иIэщ. Абы папщIэ зэрызэгурыIуэфыну Iуэхугъэр кьаГъэтэфу, зэпыщIэныгъэхэр зэфIагъэувэу, пщIэ зэхуэщIу зэхущытын хуейщ. Мис апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм и закъуэщ адыгэхэм езыхэм я лъэпкъыр зэрахъумэфынур. Политикэ, псэуныгъэ, лъэпкъ щхьэусыгъуэхэмкIэ, нэгъуэщIхэмкIэ зэгуэкIыным ухуэзэшыв нэгъуэщI сыт хуэдэ гъуэгурэ Iисрафщ. Мис ардыдэращ ди лъэпкъым и тхыдэ дыдж блэкIам дызыхуиущIыр.

Абы и закъуэкъым. Дэ дыхуиткъым адыгэ лъэпкъыр къэщIэрэщIэжыным, хъумэным, абы зиужьыным ехьэлIа мурад фIейхэмрэ геополитикэ сэбэп зыхэлъхэмрэ пхащIэ папщIэ къаГъэсэбэпыныр зыми хуэддэну.

Си псалъэм и кIэухыру аргуэру кьыхэзгъэщхьэхукIыну сыхуейщ: шэч кьытесхьэркъым фэ фщыщ дэтхэнэри езым и лъэпкъым и сэбэп зыхэлъхэм гурэ псэкIэ зэрыхуэпэжьым. Мыбы щIэсхэм ящыщ куэдым сэ мызэмытIэу сахуэзащ, абыхэм иджырей Конгрессым зыщыхуагъэхьэзырым саззэрыIущIари хэту, икIи белджылыуэ ар хьэкъ сщыхъуащ. Си фIэщ мэхъу фэ фхэлъ Iущагъэр, фнэзэрыжьжьапIэр я лъабжьэу адыгэхэр дяпэкIи зэрызэкъуэувнур. Ди лъэпкъым бгъэдэль экономикэ, псэкупсэ, щIэныгъэ лъэщагъэм зегъэужьыным щIэгъэкъуэн хуэхъуну унафэ псори кьызэрыфщтэнур.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

Шэджэм щIыналъэм гуфIэгъуэр щаIэт

Адыгэхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIу Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Х Конгрессым хэтахэр Шэджэм щIыналъэм и еджапIэхэм щыIащ. Иорданиемрэ Сириемрэ кьикIа ди лъэпкъэгъуэм ирагъэлъэгъуащ еджакIуэхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ зэрырагъэдж щыкIэхэр. Шэджэм школ №1-м хьащIэхэр иригъэблагъащ лъэпкъ макъамэрэ махъсымэ фалъэкIэ. Махуэшхуэр зэрарубыхьурэ илъэс зэрырикъуам щхьэкIэ яуба хьэлыуэ Iэнэми ахэр загъэIэбащ.

ЕДЖАКIУЭХЭМ егугъуу загъэхьэзырат. А махуэм джэгум и хьэтиякIуэу щытащ 10-нэ классым щеджэ Къардэн Андемыр. «ПIыIэзэфIэхь», «Дэ еуэ» адыгэ джэгуакIэхэм хэтащ хьащIэхэри. Адыгэ лъэпкъ 12-р къэгъэльагъуэу зы жьэгум пхъэдзакIэ мафIэ 12 щыпагъэнащ. ХьэщIэхэр лъэпкъ щхыныгъуэхэм, Iэпщlэлъапщlэхэм я IэдакъэщlэкIхэм ирагъэплъащ. А махуэм ирагъэкIуэкIащ адыгэ Iуэхум теуха дерс зэIуахэр. 4-нэ классым щеджэхэр зэпеуащ псалъэжьэмкIэ, псынщIэрыпсальэхэмкIэ, жыIэгъуэхэмкIэ, шыпсэхэмкIэ. ЕджакIуэхэР ясьззджа усэхэм, жаIа уэрэдхэм адыгэм и тхыдэр, хабзэр, нэмысыр кьыхэщыт.

Шэджэм муниципалитэ районым и администрацэм и унафэщIАхъуэхъу Къанщокий школым и егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ фIыщIэ яхуищIащ махуэм гурэ псэкIэ зэрызыхуагъэхьэзырам папщIэ.

Иорданием щыпсэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ Къардэн Самир жиIащ ильэсгуаи и гукъыдэжыр къызэриIэтар:

- Иорданием щыпсэу адыгэхэри иужь дитщ ди хабзэр, анэдэлъхубзэр зэрытхъумэным. Ди бзэр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым - ар псэухущ дэри гъащIэ дызэриIэнур,- къыхиГъэщащ абы.

Шэджэм къалэм Щэнхабзэмкlэ и унэм щекIуэкIащ концерт. Ар къызэIуахащ «Шэджэм псыкъельэхэр» уэрэджыкIуэ гупым. «Нартхэм я щIыгу», «Къэбэрдей» уэрэдхэм щагъэуват шыкIэпшынэр, пхъэщIыкIыр, адыгэ пшынэр. КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Молей Алихъан игъэзащIа лъэпкъ уэрэдыжьхэм иджыри зэ уи фIэщ ящIыжырт адыгэр зэрыльпкъэ уардэр. Махуэшхуэм хэтащ «Шэджэм и шууейхэр», «Вагъуэ цIыкIу» къэфакIуэ гупэр, Шэджэм щIыналъэм и уэрэджыкIуэхэу Дышэкl Артур, Юрташевв Людмилэ, Уэрыш Иринэ, Пщынокъуэ Дианэ, Ахъуэхъуэх Ланэрэ Марьянэрэ.

ФокIадэм и 20-м Налшык щекIуэкIа Iуэрыlуатэ-этнографие гъэльэгъуэныгъэм хэтащ Шэджэм щIыналъэр. Районым и лъэпкъ пщIантIэм щыплъагъурт адыгэм къыдекIуэкIа хьэпшыпэ зэмыIуэжьыгъуэхэр, хьэкъущыкъуэ, зэрылажьэ Iэмэпсымэхэр. Апхуэдизу, абдежым щагъэлъэгъуащ суэрэтщIэхэм, дакIуэ-бзакIуэхэм, гъыкIэхэм, скульптурхэм я Iэдакъэщlэкlэхэр. Шэджэм щIыналъэм и лъэпкъ пщIантIэм щагъэхьэщIащ Иорданием, Сириием, Санкт-Петербург, Москва щыпсэ Адыгэ Хасэхэм я лIыкIуэхэр.

АЛОКЪУЭ Хъэзрит.

Нэхъыжьхэм щIэблэр яущий

Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я гуфIэгъуэ махуэм теухуа зэхьыхьэ гъэщIэгъуэнхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм, республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щекIуэкIащ. Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм и лъахэхуэтэ къудамэм къыщыщIэзрагъэпэща зэIуцIэри аращ зытеухуауэ щытар.

ЗЭХЫХЬЭМ ирагъэблагъащ Бизнесымкlэ институтым и егъэджакIуэ **Хьэцыкlу Рае**, Хьэтlохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм и унафэщI, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ и къэрал институтым и лэжьакIуэ **Табыщ Мурат**, Адыгэбзэ Хасэм хэт, Налшык къалэм и гимназие №14-м и егъэджакIуэ **Багъ Марьям**, илъэс зыбжанэ ипэкlэ хамэ къэрал къыIэпхъуэныжьа ди лъэпкъэгъу **Къыпl Гупсэ**, Налшык къалэм и школ №13-м адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкlэ и егъэджакIуэ **Жыкъуэ Сонярэ** и еджакIуэхэмрэ.

Табыщ Мурат еджакIуэхэм яхутепсэлъыхьащ адыгэ лъэпкъым и узэщIакIуэхэм бзэм теухуа я лэжьыгъэ щхьэпэхэм. Абы ныбжьыщIэхэр кьыхуриджащ адыгэбзэм гулыIэтэ нэхъыбэ хуащIыну, анэдэлъхубзэр нэхъыбэрэ ягъэшэрыуэну, бзэр ефIэкIуэным теухуа жэрдэмхэр кьыхалъхьэну. КьищыныэмыщIауэ, «Нэхъыжь зыгъэлъапIэ щхьэ лъапIэ йохуэ» псалъэжьым и мыхьэнэр яхуэзэпкъриха нэужь абы тетыну яжриIащ.

Хьэцыкlу Рае ныбжьыщIэхэм гъащIэм, бзэм, хабзэм ехьэлIауэ узыгъэгупсысэ щапхъэ куэд кьахуихьащ, ахэр иущиящ. Багъ Марьям къытеувыIащ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм ящыIэгъуэ адыгэ хабзэ дахэм, бзэр фIыуэ зэрагъэшэрыуэм, хьэщIэхэм пщIэшхуэ зэрыхуэщIыну.

Къэралыр щыкIутэжа лъэхъэнэм ирихьэлIэу Хэкум къэзыгъэзэжа Къыпl Гупсэрэ и щхьэгъусэрэ гугъуехь куэдым пэщIэувэн хуей хуэдэ, зымащIэкIи къэдзыхакъым, сыту жыпIэмэ, абыхэм куэд щIауэ я хъуэпсапIэт адэжь щIыналъэм къекIуэлIэжу и лъэпкъэгъуэхэм я гъусэу щыпсэуну.

- Ди лъэпкъ хабзэмрэ адыгэбзэмрэ япэсщIын, нэхъ дахэ, нэхъыбэ щыIэкъым. Уи Хэку ущисыжьм и деж абы гу лъымытэкIэ, апхуэдэу зыхыумыщIэнкIэ мэхъу. Араущи, ди бзэм, хабзэм пщIэ яхуэдвгъэщI, дыв-гъэльытэ, - жиIащ Гупсэ.

ЕджакIуэхэр кьеджащ адыгэ лъэпкъым, адыгэбзэм, ди Хэкум ятеухуа усэхэм, хамэ къэралхэм кьыIэпхъыкIуэхэм, тхакIуэхэм я тхыгъэхэм. Щэнхабзэ ныбжьыщIэ Гугъуэт Зареми анэдэлъхубзэм ехьэлIа и зы усэ утыку кьырихьащ.

Жыкъуэ Соня зэхьыхь щхьэпэр кьызэзэщIэнэщхьэм фIыщIэ яхуищащ я еджакIуэхэр зэрырагъэблагъам папщIэ.

ТекIуЖЬ Зареть.

Лъэпкъым и хабзэ дахэхэр

Налшык дэт школ–интернат №1-м фокIадэм и 18-м Iэтауэ щагъэлъапIащ Адыгэхэм я махуэр. Абы къыщагъэлъэгъуащ лъэпкъым ди хабзэ дахэхэр къызыхэщ теплъэгъуэхэр. Ахэр къызэзыгъэпэщар а Iуэхущ IапIэм илъэс куэд щIауэ зи лэжьыгъэр псэ хьэлэлкIэ щезыхьэкI, 7-нэ классым щIэс щыкIуэхэм я гъэсакIуэ Уэтэбей Анетэщ. Пшыхьыр егъэгъэкIуэкIар интернатым щылажьэ ныбжьыщIэхэу Мысрокъуэ Кристинэрэ ДищэкI Амдулрэщ.

ЗЭХЫХЬЭР яубла нэужь, япэ псалъэр хуаГъэфэщащ зи гугъу тщы Iуэхущ IапIэм и унафэщI Зэхъуэхъу Бэлъкъэуэ. Абы и псалъэхэм я тегъэщIапIэу щытар лъэпкъ зэныбжьэгъугъэщI.

- Нобэ дыщIыз зхуэса махуэ лъапIэмкIэ сынывохъуэхъу адыгэу дунейм тетым. Сэ сыхуейщ зы анэ кьиIьхуам хуэдэу ди лъэпкъыр дызэкъуэгъэну, ди гъэсэн щIыкIуэм я мурадыфIэкIэ кьайхъулIэну, абыхэм я текIуэныгъэхэм дригущхуэну - жиIащ абы.

Пшыхьым щагъэхьэзыращ адыгэ шхыныгъуэхэр; жэмыкуэ, къхуейжьапхъэ, жэрумэ, тхьэмщIыгъэныбжь, махъсымэ, нэгъуэщI куэди. Адэкlэ интернатым и гъэсэнхэр зэпеуащ бэнэнкIэ, усэ кьеджэнкIэ, кьуажэхъ кьащIэнкIэ, адыгэ тхыдэм теухуауэ упщIэхэм жэуап етынкIэ. КьинэмыщIауэ, кхъуейлIыжькIэрыщIэ щыIащ икIи пкъом дэпщэнымкIэ щIыкIуэхэр зэпеуащ. Абы хэтащ 2-11-нэ класхэм щеджэхэр.

ИужькIэ Адыгэ Хасэм, Жылагъуэ палатэм и ЩIалэгъуалэ советым и лIыкIуэхэм чэзууэ псалъэ иратащ.

Пшыхьым и кIэухыру адыгэ джэгу яублащ.

- Ди гъэсэн щIыкIуэхэмрэ дэрэ зы унагъуэм хуэдэу дызэдопсэу. Абыхэм ехьэлIэныгъэ яIэу гъуэгу махуэ тевэмэщ дэ дызыхуейм ди Iэр щытехэунри, дащогуръ абыхэм фIыкIэ, - жиIащ Iуэхугъуэ дахэр зэхэзылъхьа Уэтэбей Анетэ.

ЖЫЛОКЪУЭ Люсанн.

● ФокIадэм и 20-м Мэзым и лэжьакIуэхэм я махуэр ягъэлъапIащ

Мыхьэнэшхуэ зиIэ IэнатIэ

Хабзэ зэрыхъуауэ. Мэзым и лэжьакIуэхэм я махуэр фокIадэм и ещанэ тхьэмахуэ махуэм ягъэлъапIащ.

ЭКОЛОГИЕ, экономикэ я лъэныкъуэкIэ мэзыр къэрал куэдым я дежкIэ гъэтIылъыгъэ уасэнэщ. Абы къыхэкIыу, ар хъумэным, зэфIэгъэувэжьным, зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыным мыхьэнэшхуэ иIащ. А кьалэныр си пщэрыльри мэз хозяйствэмрэ пхъэм елэжь промышленностымрэ я IэнатIэхэращ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэз IэнатIэкIуэхэр екъулIэныгъэфIхэр яIэу я махуэм ирихьэлIащ. Мэзэхэр хъумэным, зехьэныным, зэфIагъэувэжьным пышIа лъэныкъэ псори зэращIылIа къэрал зэгурыIуэныгъэхэм тету зэфIагъэкIащ. Кьапщтэмэ, гектар 80-м зэфIэгъэувэжьныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ, апхуэдизым мэз хъскIыгъэхэр щыхасащ, ахэр щызэрахьэхэм ящыщу гектар 897-м агротехникэ Iуэхугъуэхэр щызэфIагъэкIащ. Гектар 30-м я щытыкIэм кIэлъыплъащ, гектар 40-м жыгъжьхэр щыпаупщIащ, пхъэуэ кубометр мин 7,1-рэ ягъэхьэзыращ. Апхуэдизу гъэзэпхъэнэхэр щыхасаса щыIэпIэу гектари 7 кьапщытащ.

МафIэс къэхъу хъужьыкъуэмэ, псынщIэу зэрынэсыну гъуэгугъэр яухуащ, щыIэхэр ягъэхъбзащ, ирагъэфIэкIащ.

Къэралым и мэзхэм я къулеягъэр ягъэбагъуэу ильэс куэд хъуауэ хьэлэлу я IэнатIэм пэрыт Iэщlагъэлl, лэжьакIуэ гупышхуэм, я махуэм ирихьэлIэу, Урысейм Мэз хозяйствэмкIэ и Iуэхущ IапIэм, КъБР-м и Правительствэмрэ я щIыхь тхылъхэр, саугъэтхэр, дамыгъэ зэмылIуэжьыгъуэхэр хуагъэфэщащ. ЮФО-м Мэз хозяйствэмкIэ и департаментым и щIыхь тхылъыр щIыхуи 4-м, республикэм ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм и ЩIыхь тхылъыр – 41-м иратащ.

Хэхауэ сехъэхъуу ФIыщIэ яхуэсщIынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мэз хозяйствэм и ветеранхэм я Асльэнджэрий, Еживэ Лидие, Дыгъурыл Владимир, Жыгун Анатолэ, Къудей Владимир, Ахэмыж Владимир, Сарбашев Мустэфа сымэ. Загъэнсэхуу тIысыжьами, республикэм и мэз хозяйствэм и зыужьныгъэм абыхэм иджыри хэлъхьэныгъэфI хуащI.

Мэзым и лэжьакIуэ псоми си гум къыбгъэдэкIыу я махуэмкIэ сохъуэхъу. Узыншагъэ быдэ, насыпыр, зэIуэзэщIыныгъэ яIэну, я мурадхэм лъэIэсыну, екъулIэныгъэщIэхэр къахьыну си гуапэщ.

ГАЗАЕВ Мухътар,
КъБР-м щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр.

ГъущI гъуэгум и къудамэщIэ яухуэ

Украинэм къупэзыкIуэх гъущI гъуэгу щаухуэнущ Урысейм и ипщэ щIынальэм. Апхуэдэ унафэм дыгъуасэ Iэ щIидзащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Медведев Дмитрий.

«Журавко – Миллеровэ щIыпIэхэм хуэзэу щыпытщ а гъуэгур. Ар Воронежскэ областым икIыу Ростов щIыналъэм узэрихьэну къудамэу щытынущ, а щIыпIэм деж щIыщIдукъуэдиинри Украинэм димыхьэн папщIэщ, - жиIащ Медведевым, и къуэдзэхэм зэIущIэ щадригъэкIыкIым. - Ди мафIэгъуэр къупэощхьэпоунщэу дэни нэсыфын хуейщ, ди гъунэгъуэм я деж щыIэ щытыкIэм и зэран зыкIи къыдэмыкIыу».

Премьерым ящыIэзэрыхьгъэщамкIэ, гущI гъуэгум и къудамэщIэр щыным я сэбэп хэлъщ куэдым – абы иригъэкIуэнухэми, ар лэжьапIэ IэнатIэ зыхуэхъунухэми. Апхуэдэуи гъуэгу Iуфэм етIысэкIынущ жыIэщIэхэр. А псоми Урысейм и фейдэ хэлъщ.

Щхьэж зыхуейр щегъэжьI

ЦIыху миницэм щIигъу зыхэта пэкIуэнущ Истамбыл вэсэмахуэщекIуэкIащ. Абы кърихьэлIэжьам къагъэлъэгъуащ я президент Эрдоган Тайип гъэрэпризмэм ебэныным хуэгъэзащэ иригъэкIуэкI политикэм зэрительхьэр.

АпхуэдизкIэ зэхуэсышхуэ щызэхэтащ Анкараи. Тырку и президентым и ныкъуэкъуэгъуэхэм, абы и IуэхущIафэхэмкIэ мыарэзыхэм а Iуэхум хальэгъуар я унафэщIыр цIыхубэм зэрыдаIыгъыркъым. Ахэр къыщыIэзрагъэпэщар щэкIуэгъуэм и 1-м къэралым щекIуэкIыну парламент хэхыныгъэхэм и пэ къикуэу цIыхухэр къыдахьэхын мурадкIэу къалъытэ.

Я зэхущытыкIэхэр зэрефIэкIуэжьым и нэщэнхэр

США-мрэ Кубэмрэ зэры-

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэз IэнатIэкIуэхэр екъулIэныгъэфIхэр яIэу я махуэм ирихьэлIащ. Мэзэхэр хъумэным, зехьэныным, зэфIагъэувэжьным пышIа лъэныкъэ псори зэращIылIа къэрал зэгурыIуэныгъэхэм тету зэфIагъэкIащ. Кьапщтэмэ, гектар 80-м зэфIэгъэувэжьныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIащ, апхуэдизым мэз хъскIыгъэхэр щыхасащ, ахэр щызэрахьэхэм ящыщу гектар 897-м агротехникэ Iуэхугъуэхэр щызэфIагъэкIащ. Гектар 30-м я щытыкIэм кIэлъыплъащ, гектар 40-м жыгъжьхэр щыпаупщIащ, пхъэуэ кубометр мин 7,1-рэ ягъэхьэзыращ. Апхуэдизу гъэзэпхъэнэхэр щыхасаса щыIэпIэу гектари 7 кьапщытащ.

МафIэс къэхъу хъужьыкъуэмэ, псынщIэу зэрынэсыну гъуэгугъэр яухуащ, щыIэхэр ягъэхьэзащ, ирагъэфIэкIащ.

Къэралым и мэзхэм я къулеягъэр ягъэбагъуэу ильэс куэд хъуауэ хьэлэлу я IэнатIэм пэрыт Iэщlагъэлl, лэжьакIуэ гупышхуэм, я махуэм ирихьэлIэу, Урысейм Мэз хозяйствэмкIэ и Iуэхущ IапIэм, КъБР-м и Правительствэмрэ я щIыхь тхылъхэр, саугъэтхэр, дамыгъэ зэмылIуэжьыгъуэхэр хуагъэфэщащ. ЮФО-м Мэз хозяйствэмкIэ и департаментым и щIыхь тхылъыр щIыхуи 4-м, республикэм ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм и ЩIыхь тхылъыр – 41-м иратащ.

Хэхауэ сехъэхъуу ФIыщIэ яхуэсщIынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мэз хозяйствэм и ветеранхэм я Асльэнджэрий, Еживэ Лидие, Дыгъурыл Владимир, Жыгун Анатолэ, Къудей Владимир, Ахэмыж Владимир, Сарбашев Мустэфа сымэ. Загъэнсэхуу тIысыжьами, республикэм и мэз хозяйствэм и зыужьныгъэм абыхэм иджыри хэлъхьэныгъэфI хуащI.

Мэзым и лэжьакIуэ псоми си гум къыбгъэдэкIыу я махуэмкIэ сохъуэхъу. Узыншагъэ быдэ, насыпыр, зэIуэзэщIныгъэ яIэну, я мурадхэм лъэIэсыну, екъулIэныгъэщIэхэр къахьыну си гуапэщ.

ГАЗАЕВ Мухътар,
КъБР-м щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр.

●●●

зэгурыIуэхьм, я зэпыщIэныгъэхэр ирагъэфIэкIуэну зэрыхущIэкъум и щапхъэхэр иужьрей зэманым мымащIэу хэпльагъуэ зыуэ абыхэм я зэхущытыкIэхэм.

Иджыпсту нэхъ зэгугъуэ къэралитIым нэхъ щэщIауэ сату зэдащIынырщ. США-м мы зэманым егъэхьэзащ а Iэнатlэм зэрыщIэздзэлэжьэнум теуха дэфтэрыщIэхэр. Абыхэм къызэрыщыгъэлъэгъуакIэ, иджыри къэс лъэныкъуитIым яку дэлъа гучъэжькIыр зи лъабжьэу щыта хабзэхэр лъэныкъуэ ирагъэзынущ.

Псалъэм папщIэ, америкэ компаниехэр хуит ящIынущ я Iуэхущ IапIэхэр Кубэм кьыщIэзIуахынну, а къэралым щыщ организацэхэм нэхъ хуиту ядэлажьэну. Iэмэпсымэ дэкIэ, туризмэ IэнатIэм щылажьэ кхъухьхэу, кхъуафэжьейхэу Кубэм и псы Iуфэхэм есылIэжьм дэфтэр хэхахэр, лицензэ щхьэхуэхэр ямыIэми хъуну зэгурыIуащ.

♦Автомобильншэу зекIуэным и дунейпсо махуэщ
♦Украинэм щагъэльапIэ Партизан щыхьым и махуэр
**♦Болгарием и щх

РУСТАВЕЛИ Шота, куржы усакIуэ (XII лIэщIыгъуэ)

Къаплъэныфэр зи фащэ лIыхъужь

Зэзыдзэкlар БЕР Хьэбалэщ

(КIэлъыкIуэр.
ПэщIэдзэр №№123 - 124, 128 - 129, 133, 138 - 139, 144 - 146, 149, 153, 155, 158, 159 - 160, 164, 166-167, 173, 175, 177-хэм итщ).

ИщIу Фатмэ щхьэщэ лъахъшэу, абы хуещIыр фIыщIэ ин:
«УслъагъхухкIэ, пщышхэ, си гур къызэщIопльэ, сещI Iэнкун.
Уэ уежьэжмэ дыкъэбгъанэу, ар мы си гум хуэшэчын?
Ар къыдэпщIэм, уэ уи ужькIэ дуней гъащIэр сыту сщIын?»

Щыри, нэпсыр нэм къафIекIуэу, йолъэIу тепщэм я фIэщыпэу,
Дзэ къаIущхэр бгыщхьэ уэсрэ нэкIу къэпльахэр лъы Iэпапэу:
«Хэт ежьэжми укъитканэу, тетынщ гъэгум и зэшыпIэу,
Ауэ тщIэлъщ дэ гъуэгуфI ткIуну, хъунт хуит дыпщIтэмэ, уи гуапэу.

Утхуэупсэу хьэлэлагькIэ, утхуэхъуакIэщ адэ пэж,
Дыхуейщ кхъухь, кхъухьзехуэ щIыгъуу, а зы лъэIур кыытхуэщIэж».
«Фхуэсщ1энщ псори, фэрыншауэ сиIэжынкъым гукъыдэж,
Мурад фщIамэ, ар унафэщ, сыфпэрыуэркъым, фежьэж».

Хы пащтыхьым къелъэIуахэм ярет кхъухь, зыхуей къэмыту,
Иожьэж, арти, лIыхъужьщыр, нэщхъеягъэр я гъэпсыту.
Магъ, и нэкIухэр ичэтхъэжу, Малик, тенджыз Iуфэм Iуту.
Фатмэ гуащэри мэгуIэ, нутIыпщауэ нэпсыр хуиту.

МакIуэ зэшхэр хышхуэм тету, зэгурыIуэу, зэдэIуэжу.
Гурылъ IэфIхэр зэхуэIуатэу, ныбжьыкъгъгъэр ягъэпэжу.
ЗиIэтамэ уэредадэм, зым зыр екIуу дежьуужу,
Зым зыр дыгъэу пэлыдыжу, гурыфIыгъуэр я Iэдэжу.

Асмат деж ягъакIуэ лIыкIуэ, хъыбар гуапэр жриIэну,
Нурадин и хэку щIынальэм текIуэныгъэр щигъэIуну:
«Дэ къытхуокIуэ хьэщIэ лъапIэу дыгъэ нурыр къытпепсэну,
ТщхьэщыкIащ дэ щIыIэ-уаер, къэгъэзэжи имыIэну».

Псым щIеупскIэ къэухыыр, пщащэр хъ уфафэм исц и куэщIым,
Я гуфIэгъуэщ къыхэкIащи нэщхъеягъуэ гу хэгъэщIым.
Нэсыжащ арыххэу гупыр Придон хахуэм и хэкущIым,
Къапожажьэ щIыхуу щыIэр, гур щIэхъуэпсу пщIэ къыхуащIым.

Къапежьахэм япэ иту пщы бейгуэлхэри къэсащ,
Щызщ гуфIэгъуэр Асмат и гум, и губампIэр тIысижащ.
Iэпкълъэпкъ лантIэр зэщIикъуэду и гъэфIэным зридзащ,
IэфIу и гум илъыр нэхъри лъагъунигъэм кьигъэплъащ.

Ба зэхуащIыр щIыхубзитым, - я IупитIыр зы хъужащ,
Нестан жеIэ: «Уэ сэр щхьэкIэ бэлыхьышхэуэ уэхтащ:
Уцыгугъыу уелъэIуати, Тхьэм уи лъэIур къыпхуищIащ,
Дауэ ар пхуэсщIэжыфыну, зи гур къабзэм къэгъэкIащ».

Асмат жеIэ: «Тхьэм и фIыщIэщ, роэзм и фэм зихъуэжакъым,
Щэхур нахуэ имыщIыну цIыху акъылри увыIакъым.
Иджы, мис, сыпIуплъэкащи, сылIэу щыти сигу кьеуэнкъым,
ПщылI гумащIэм и нэхъыжьым хьэрэмыгъэ игу хуилъынкъым».

Пщы бейгуэлхэм лIыхъужьищым фIыщIэу хуащIыр яфIэмащIэщ:
«Ди гуфIэгъуэщи дэ нобэ, Алихьталэращ зи фIыщIэр.
Иухати фытлъагъуну, ар ди дежкIэ насыпп папщIэщ,
Тхьэм къыптридзэ уIэгъэр егъэхъуэ езым, гумащIэщ».

Хабзэм тету хэгъэрейхэм ба хуащI я Iэхэм лIыхъужьхэм.
Тепщэм жеIэ: «Ди Iуэху щхьэкIэ ятащ я псэр ди къуэш куэдхэм,
ПщIэри щытхъури къалэжьауэ мэкIуэж ахэр ахърэт дахэм,
Илъынщ куэдэ дрипагэу ахэр ди гум дэ къэнахэм.

Сигу щIыхьащи я кIуэдыкIэр, си Iэпкълъэпкъыр зэлъещIысыр,
Къыщагъуэтыжынщ ахърэтым а лIыхъужьхэм щIэ къалъысыр!»
Ахэр жеIэри, гъын щIедзэ тепщэм, хипщэу нэпсым уэсыр,
Егъэщт розэр уае щIыIэм, еудынщIэ жьым налмэсыр.

Гъыуэ пащтыхьыр щалъагъуэм, зэщIогъуагэ, къыщIадзауэ,
Зэ мыгъами нэпс щIегъэжыр, абдеж гъын къыщиублауэ.
ИкIэм жаIэ: «Сыт дыщIэгъыр, гуфIэм гуауэр тедгъэкIуауэ?
ДыгуфIэн хуейщ, укъытхэтщи, дыгъэ кьепсым упэтщIауэ!

Уэ зым, тепщэ, гуауэу пшачым хуэдиз тхэт зыхуэшэчын?
Зы цIыху щыIэкъым уэ щхьэкIэ щIыкъатиблкIэ емыхьн!»
Придон пещэ: «Зы цIыхь лъапIэ, куэдщ, къэгъанэ нэщхъеин,
ГурыфIыгъуэм я нэхъыфIым зэи Тхьэм ухимыныи!»

Автандил и псалъэ гуапэм щхьэщаху тепщэм и нэщхъейр,
Псоми жаIэ зы жьэу: «Нобэ тщыхьауад нэхъ IэфI ди дунейр:
ЮщIэжащи аслъэн хахуэм дыгъэ нуру Сэтэнейр,
Дынэщхьейкъым дэ дыгуIэу, ди гуфIэгъуэм щIыр дохъей».

Мулагазанзар носых ахэр, дахэкIейуэ хэку къалащхьэм,
Накъыратщэхэр къапожьэ, зэрызехьэу итщ я пащхьэм.
Бэрэбанэхэм я макъыр декIуу гуапэу гуп зэхьихьэм,
Бэзэр Iуэхури къагъэнауэ, къалэдэсхэр пожьэ лIыщхьэм.

Сондэждэрхэр макIуэ щхьэхуэу: къыщIэнакъым унэм зыри,
МакIуэ, Iэщэр къеблэблэхыу, къалэдэсхэм я нэхъыжьри.
ЗапыIуедзыр абы цIыхухэм, къыIущIэну хуейкъым зыри,
Яльагъу фIыуэ я нэхъыжьыр, хуэарэзыуэ абы псори.

Шым хъопсыххэр, Придон хахуэм и сэрейри щытщ щIэращIэу,
Къапожажьэ пщылIу щыIэр я бгырыпххэр дыщэ заущIэу.
Алэрыбгъуэкр щIэзщIэщым, я дахатхыр къыпхуэмыщIэу,
ХуракIут зауэлIхэм дыщэр, тыгъэу ятыр яфIэмащIэу.

LIX
Тариэлрэ Нестан-Дареджанрэ я нысашэр Придон и сэрейм зэрыщекIуэкIар

Хъэрахъищэ хужь-плъыжьыфэу, лыду зы тахъятэ дахэшхэу
Тариэлрэ Нестан щхьэкIэ абдеж занщIэу къыщаухуэ.
Автандили гъуэжь-фIыцIафэу, дзгъуэу хуащIыр тахътэ щхьэхуэ,
А гуфIэгъуэм и дахагъыр зымылъагъум сыт и махуэ!

ЭрэжджыIэхэри къэсащ, - уэредадэм зыкъеIэт,
ЮкIуэкI дахэу хьэгъуэлIыгъуэр, хъугъуэфIыгъуэр куэду ят,
Ефэ-ешхэ екIу щокIуэкIыр Придон деж, - зыхуейр ягъуэт.
Щысщ Нестани нэжэгужэу, гукъеяуэ лъэпкъ хэмыт.

Хуэдэ щыIэу къыщIэкIынкъым Придон тыгъэу къыбгъэдэкIым.
Налкъут къащхъуэу бгъу хэтщ тыгъэм, екъэехуэу къаз дкэдыкIэм.
Нэхущ дыгъэм фжIэ техьэу мыщIэ лъапIи щIыгъущ гукъэкIым...
Ахэр етхри сурэтыщIыр щысщ, дихьэхыу зэхэтыкIэм.

ЩIидзэжау Придон егуэшыр фIыгъуэр, хэлъу жумартыгъэ:
ЯхуещI тыгъэ зэлIэфыным мывэ къащхъуэу налкъут щыгъэ,
Тепщэчышхуэ дэгъуи къещтэ, Автандил хуищIыну тыгъэ,
Хуехь гуфIэжу ар лIыхъужьым, зезыхьам цIыхугъэ, лIыгъэ.

КъилыдыкIыу илъщ тепщэчым хэпльыхьауэ намэсышхуэ,
Бгъэдыхьауэ ар и хьэщIэм, ирет тыгъэр, хуищIу пщIэшхуэ.
Дарий щэкIхэри пхыр-пхыру пщIантIэ иным дэзщ, дэмыхуэ.
Тариэли и гурылъхэр и бэз IэфIым къеГъэнахуэ.

ЩекIуэкIащ махуищкIэ екIуу хьэгъуэлIыгъуэр Придон деж,
Ягъэш тыгъэр махуэ къэскIэ, хьэщIэу щыIэр ягъэфIэж.
Зэпымыуэ я пшынальэр мэджэгу, яIэу гукъыдэж,
ЩогуфIыкI Нестан щхьэгъуэсэм, зы хъужахэу яIуэтэж.

Тариэл Придон жреIэ, фIэкъабылу гурэ псэкIэ:
«И гу къабзэр шынэхъыжьым фIы хэкIыпIэщ сэ си дежкIэ,
Уемыблэжу уи псэм, зауэм уэхтащ уэ си Iуэху щхьэкIэ,
Сэ, щытар ажалым пэплъэу, сыхъужащ цIыху уи саулыкъукIэ.

Автандил хэтащ сэ щхьэкIэ бэлыхьышхуэ, фIыуэ уощIэ,
АтIэ, сэри и гукъеуэ щхьэщыхьыну сыхуопащIэ.
СхущIэупщIат: сыт нэхъ хуей ар, къехьэлъэкIра зыпэIэщIэр?
Сэ стелъэ хьэзабым хуэдэщ абы и гур хэзыгъэщIыр.

Мыр схужеIэ: «Уэ цIыхугъэу пхэлъэм хуэдиз сэ слъэкIынкъым,
Ауэ уафэм IэщIыб дищIу, и гущIэгъуэм дыхинынкъым,
ИкIи уи псэр зыщIэхъуэпсым лъэмыIэсуи сыувыIэнкъым.
Ар слъэмыкIрэ - сэ псэр спыту адэжь лъапсэ сихьэжьинкъым.

Сабэп сыткIэ сыпхуэхъуну? Узыхуейр сыгъащIэт псори!
СфIэкъабылщ уи хэку бгъэзэжмэ, уи гъуэгуанэр бдэсхIунщ сэри.
ФIыкIэ Iуэхур зэфIэмыкIрэ - джатэ Iэпщэм деIэнщ тIури,
Ар щхьэгъусэ пхуэзмыщIыжмэ, сыкъэнэнщ фызыншэу сэри».

Тариэл и лъэIур кIуэуэ Придон пщышхуэм щигъэзащIэм,
Автандил жэуап къретыр и ныбжьэгъур зыщIэупщIэм:
«Сэ дэIэпыкъуэгъу сыхуейкъым, хущхъуи хуейкъым си уIэгъэм,
Дыгъэ нэхуу си гъэфIэнри искъым каджхэм я гъэрыпIэм.

Къылъысащи пащтыхьыгъуэр, игъэбжьыфIэу исщ шордакъым,
Зи щхьэр лъапIэу зи пщIэр лъагэм, къытегушхуэу, бий къеIэнкъым.
Бзаджэнаджэхэр кьеуасэу, каджет хьэпсым ар ихуэнкъым,
АтIэ, сыту сщIын Iуэхутхьэбзэ? Ар уи фIэщу жыпIэ хъункъым.

Уафэм сэ гущIэгъу къысхуищIрэ, си хьэтыр къилъагъурэ псапэу,
ЗэрихъуэкIмэ си гукъеуэр гурыфIыгъуэкIэ схуэгуапэу,
КъеIысхьнщ сэ абы щыгъуэ и бзийр дыгъэм, насып кIуапIэу,
АпщIондэхукIэ дэ сыт дэжьмэ, кIуэдынщ зыми имыщхьэпэу.

СынолъэIу, Придон, мы бжесIэр Тариэл схужепIэжыж:
«Пащтыхьышхуэ, хъэзлэжьакъым уэ сэ фIыщIэ къысхуэпщIыну.
Сыкъалъхуащ сэ, суригъуэсу гъащIэу сиIэр бдесхьэкIыну,
СфIэкъабылщ сылIэжьыхункIэ IуэхутхьэбзащIэу срыуиIэну.

Мыр жыпIащ уэ: «Зэгъэнт си гур зэ слъэгъуатэм и гъэфIэныр».
Зи гур къабзэу фIым щIэхъуэпсырщ а гуапагъэр зигу къэкIынур.
Iуэхур хуэкIуэм лъагъунигъэм, мащIэщ джатэм хульэкIынур,
НэхъыфIщ уафэм сыпэплъэнщи, нэгу щIэкIыхукIэ къысхуищIэнур.

Сэ сызыщIэхъуэпсу закъуэщ къэнэжар уэ бдэслъагъуну:
Уи жагъуэгъур тахьтэм тебдзу, пащтыхьыгъуэр ууей хъуну,
Къуэмыхьэж уи дыгъэр пщIыгъуу, гъащIэ дахэ ефхьэкIыну,
Инд хэкушхуэм и уIэнальэр роэзу фэ къывдзагъэгъэну.

Ар сигу ильщи, зэфIэзгъэкIмэ, сухащ сэри си къалэныр,
Абы щыгъуэщ си гур загъэу Хьэрыш хэку сыщихьэжьинур.
Зэгъэжьынщ икIи сигу бампIэр, абы хуеймэ си гъэфIэныр,
Зы сыхуейкъым къысхуэпщIэну, щыщыгъэт абдеж лъэIуэныр».

Тариэл Придон жреIэ, хъуакъым фIэфI жэуап къыхьар:
«СигъэщIэну хуэлъэкIынкъым зыми а сэ къызжепIар!
Хъужьщ щхьэкIэ хуит си дыгъэр ар Iуэху тыншкъым зыхэтар,
АтIэ сэри а си къуэшым хуэсщIэжыпхъэщ къысхуищIар.

ФэрыщIагъ сигу зэримылъыр кIуэи жеIэт абы псынщIэу:
Гурэ псэкIэ сфIэфIщ слъагъуну уи гъэсакIуэр зэ сыIущIэу,
Сэ сIэщIэкIуэдащ уи тепщэм и пщыII куэд нэхъ лIыхъужь защIэу,
СелъэIунщ къысхуигъэгъунуи, сэ къэзгъэзэжынщ сыпIащIэу».

Абы жеIэ: «КIыхь ди псалъэр тщIыкIэ зыри къыпэкIуэнкъым,
Мурад сщIащи, нэху зэрыщу сежьэнщ, махуэ зысIэжьэнкъым.
Ныбжьэгъугъэм елъэпауэу, хьэрыпыщыр губжьым хуейкъым,
КъыдитыухкIэ и пхъур фIэфIу, сэри сешу сувыIэнкъым».

Автандил деж егъэзэжри, Придон жеIэ хуэIэнкунр:
«Уи ныбжьэгъум упэрыуэру, ухуэмей и жагъуэ пщIыну!»
Автандил ар къытохьэлъэ, - и гур къоIэ къилъэтыну,-
И къалэнщ нэхъыжьым пщыIыр гу хьэлэкIэ бгъэдэтыну.

Автандил щIым йотIысэхри, лъэгуажьэпэм тегъэщIауэ,
Тариэл и лъэгуажьитIыр зэщIеубыдэр гумэщIауэ:
«СщIащ Ростан и жагъуэ ихъукIэ сэ мы гъэм егъэлеяуэ!
Жьхьэнмэм исынщ уи къуэшыр, ар уи гъащIэм, хуит уищIауэ.

Мурад пщIар уэ къохъулIэнкъым, Тхьэм ищIа унафэр пщIыкъым,
Си гъэсакIуэм сэ апхуэдэу сепщIыжьынуи къыщIэкIынкъым.
ИкIи ар сэ мы си Iэщэм хигъэщIэну хульэкIынкъым,
И нэхъыжьым щхьэкIэ пщыIыр джатэ Iэпщэм еIэн хуейкъым.

Ар дэ длэжьмэ, си гъэфIэныр бий схуэмыхъуу къэмынэн,
Гуэхэлъ IэфIу щыIар, щыIэр а зы губжьым пэмыхъун!
СыщIэхъуэпсу ди зэIущIэм хуей хъунщ гъащIэр есхьэкIын,
Льагъуныгъэ мафIэм исыр щыIэ щIыху къеъыгъэлъэн?»

И ныбжьэгъуэр къеIэтыжри, Тариэл гуфIэжу жеIэ:
«Уэр мыхъуатэм схьынт си гъащIэр къыстегуплIэу гуауэ щIыIэр,
Къысхуихьащ сэ уи цIыхугъэм гуфIэгъуэшхуэу нобэ сиIэр,
Сыхуейщ сэри сэщхьыркъабзэу къохъулIэну уи гум жиIэр.

СфIэфIкъым фIыуэ зэрыльагъухэр псэум я Iуэхур зэрымыщIэу,
ФэрыщI слъагъумэ, жысIэпэнщи, си гур мэпIейтей зыхэсщIэу.
Сызыльытэм сэ ныбжьэгъуу, кърес и гур си деж хьэщIэу,
Щымытынум ар апхуэдэу, нэхъыфIщ псэуэм зэпэIэщIэу.

СощIэ, дауи, а уи щIасэм и гур щыIэщ уэ уи дежкIэ,
Iумпэм хъишIу уи ныбжьэгъум хъеплъын хуейкъым ар нэ IейкIэ.
Хьэрыпыщым сыIущIэнщи, сIэтынщ и щIэр хъуэхъуу сщIэмкIэ,
ЖесIэнщ: «ИкъукIэ сфIэфIт услъагъуми, сыкъэкIуащ уи деж IуэхуфIкIэ».



Сурэтыр **Зичи Михай** *ищIащ.*

Сепсэлъэнщ абы Iэдэбу, селъэIунщ пщым лъэIуу сщIэмкIэ:
ФIэкъабылу ипхъу гъэфIэныр уэ щхьэгъусэу къуитын щхьэкIэ.
ЗыщIэвгъэткIур сыт зырызу фэ тIум фи гур щызэпхакIэ?
ВгъэщIэращIэт-тIэ фи гъащIэр фыздзэгъагъи зэрыфлъэкIкIэ».

Автандил абдеж щыпечыр и ныбжьэгъум пэрыуэн.
Тариэл ищIам унафэ уенькъуэкъукIэ сыт къикIын?
Придон Iуэхум гу лъитауэ, къахеш пщыIкIэм гъусэ хъун,
Тохьэр щыри зы гъуэгуанэ, къэхъуу я гур, я лъэр жан.

LX
ЛIыхъужьищыр бгъуэнщIагъым къыIухьэжу Хьэрып хэкум кIуэну зэрежьар

Дивнос Iущым къытхуещI нахуэ щхэуу щыIэр дэ дымыщIэу:
Е ищIэнкъым Алихьталэм, гуапэ пылъу фIы имыщIэу.
МащIэщ пIалъэу ем лъитагъэсыр, егуэш фIыгъэгъэр, тар фIэмащIэу,
Игъэбагъуэу и кьежьапIэр, ищIэу хъуари гуапэ защIэу.

ЛIыхъужьищым зэпэщ защIри, гъуэгу техьащ, Придон я пашэу.
ЯщIыгъущ ахэм пщащэ нэхур, уеплъыфыку узыIэпишэу.
Къыщхьэщихыу дыгъэ нурыр, набдзэ фIыцIэхэр къурашэу,
ДэщIэращIэу дунеишхуэр, нэхуу идзыр гъунапкъэншэу.

ЕкIуу тесу тахьтэ лъагэм, дыгъэ нэхур яхь дамэпкъкIэ,
ХьэкIэкхъуэкIэр къаукI хъупэу, гъуэгу зыштетыр ялэу лъыпскIэ.
ЗрихьэлIэр ахэр гъуэгум къыхуогуфIэ гурэ псэкIэ,
КьагъэлъапIэ ахэр гуапэу, къахуэупсэу бысымыфIкIэ.

КъыпфIощI дыгъэр мазэ гупым хэсу, иIэу гукъыдэж,
Гуп узынщэу якIу гъуэгуанэр, я гушыIэ зэпадзыж.
Иохьэ ахэр зы губгъэшхуэ, щызэмыкIуэу цIыху абдеж,
Тариэл итащ а щIыпIэм - бгым дэкI лъагъуэр хьэцIыхуж.

Абы жеIэ: «Иджы, къуэшхэ, сэ сыхэгъэрейщ мы щIыпIэм:
Иджыпсту дэ дынэсынущ щыхьам гъащIэр сихьу бампIэм.
ТхуэпщэфIэнщ Асмати IэфIу, ар исыжмэ си хэщIапIэм,
Фэстынщ фэри хъугъуэфIыгъуэр, фыхэзгъадэу я нэхъ лъапIэм».

Бгым щхьадохри ахэр лъэсу, нос бгъэунщIагъым куэд ямыкIуу,
Кьеузэд Асмати Iэнэр, игъэжьащ щыхьылыр екIуу.
Ем текIуащи я насыпыр, я гуфIэгъуэщ мытIэкIуфэкIуу.
«Алихьталэрщ ар зи фIыщIэр!» - жаIэ, фIыщIэр щытхъуэм екIуу.

Къащ бгъуэнщIагъыр лIыхъужьищым, хъугъуэфIыгъуэр
къащI сэтей,
ФIыгъуэу щIэлъым хуэдиз иIэу щыIэ хъункъым хуэкъулей.
ИгъэпщкIуат ар Тариэлым, темыплъэну щIыху нэ лей,
Яхэтыжкъым ахэм зыри къулейсыз, е тIэкIу нэщхьей.

Тариэл егуэшыр фIыгъуэр, щхьэж хуэфащэм елъытауэ,
УвыIакъым, пщыIи, тепщи, зрикъуэ яльымысауэ.
Ар зыхуэупса зауэлIхэм забжьыжынкъым пщIэншэ хъууэ,
Ухэплъэжмэ къэна фIыгъуэм, къыпфIощI зыри хэмыщIауэ.

Тариэл Придон жреIэ: «Дауэ щытми, стельщ уи щIыхуэ.
Хэти ещIэ: зыщIам гуапэ лъосыж гуапэр - ирехъу нахуэ.
Мыбы фIыгъуэу щIэлъу пльагъур, кхъыIэ, сIыхи сыгъэгушхуэ,
Гу лъыдмытэу къана щыIэм, ууейщ псори, ухьу щхьэмахуэ.

Абдеж лъахъшэу щхьэщэ ещIри, Придон хахуэм мыхэр жеIэ:
«КъыпфIэмыщIу пIэрэ, пщышхуэ, сфIэкъабылу а къыжкIэпIэр?
Ауэ емыкIуншэ хъункъым тIэу уи псалъэр жозыгъэIэр,
Мыр зэгъащIэ: узмылъагъумэ, лейщ си дежкIэ фIыгъэуэ щыIэр».

ЕгъэкIуэжыр щIыху и хэкум Придон, махъшэхэр къахуну,
БгъуэнщIагъыщхуэм щIэлъыр фIыгъуэу езым деж иригъэшэну.
Тохьэж псори гъуэгу заIэтри, Автандил деж еблэгъэну,
Автандили и гур хуоIэ дыгъэ кьепсым Iуплъэжыну.

ЗэранэкI быдапIэ Iэджэ, къуажи, жыли зэлъащIыс.
ГъуэгуанэфI якIуа иужькIэ, зыдэкIуэнум гупыр нос.
Я хьэдагъэщ цIыхуу щыIэм, дунейм теткъым я гум нэс,
Автандил ягъейр абыхэм, хущIагъажу уэру нэпс.

Тариэл егъакIуэ лIыкIуэ Ростеван деж, жриIэну:
«Пщым я пщыжу зи щIыхь лъапIэ! ЩIохъуэпс си гур услъагъуну,
Инд пащтыхьыр чэруанакIуэу къихьащ уи щIым уи хьэщIэну.
Зы гуп дохъур розэ защIэу, - кхысфIощI уи гум дрихьыну.

Уэрэ сэрэ зэгуэр, пщIэжмэ, дызэрихьэлIау щытащ:
Укъиувэри си ужым, гъэр сыпщIыну уэхтащ.
Абы щыгъуэ, сыхуэмейуэ, уи цIыху куэд сIэщIэукIащ,
НыстегупIэрт саубыдыну - сыт сщIэнт? Си щхьэр схъумэжащ.

Сэ къыдэздзыхащ уи дежкIэ, сщIэлъ гъуэгуанэм хэзмыгъэщIу,
СыпIущIэну, услъагъуну, щытмэ губгъэн къысхуумыщIу.
Пащтыхьышхуэ Придон сщIыгъуу, сыныпхуокIуэ сэ IэнэщIу,
СиIэр тыгъэу Автандилщи, ныпхуокIуэж, пщIэ ин къыпхуищIу».

ЛIыкIуэр носри, пащтыхь пащхьэм лъэгуажьэпэкIэ зредзэ,
Тепщэм и гум илъыр IупщIу къыхуэмыщIэу псэльэн щIедзэ.
Тинатин нур къыпщхьащихыр нэкIум дыгъэ бзийуэ щIедзэ,
Нэжьгъуц кIырхэм заIэтауэ, напэху къабзэм ныбжь тредзэ.

Къигъэпсалъэу уафэ джабэр ягъэву накъырэр лъэщу,
ХьэщIэ лъапIэхэм IущIэну къызэхуосыр дзэр зэпэщу,
Кьрахуж уанэшхэр хъупIэм зэрызехьэу, джэгухэу, щыщу,
ЛIыхъужь Iэджи къос гуфIэжу, зыр зым япэ зригъэщу.

Пожьэ хьэщIэхэм пащтыхьыр, - дзэр, бейгуэлхэр итщ и ужым,
Зэхэзыхыр хъыбар гуапэр къос, хуэгуфIэу хэку лIыхъужьым.
ПщIэ ин хуащIыр Алихьталэм - а гуфIэгъуэр зи Iэужьым,
ЖаIэ: «Гуапэм гъуэгу егъуэтыр, итми гуауэр и лъэужьым».

Гу зылъатэр лъэныкъуитIым, - ягури, я лъэри зэхуоIэ!
Тариэл гъунэгъу зыхуещIри, Автандил Iэдэбу жеIэ:
«ПлъагъурэпэмодэмоуэзыщIыгъуэ псэльэн щIедзэ.
Мис а мафIэ дыдэм, пщIэмэ, силыпщIауэ сегъэгуIэ.

Кьытпежьащ, абыкIэ къокIуэ си гъэсакIуэр, пщIэ хуэдвгъэщI,
Ауэ сэ сынэкIуэжынкъым, мэс си напэр, си гур хощI.
Хэт сэ схуэдэу насыпыншэу дунейм тетыр сэр нэмыщI?
ХуэфщI унафэ сэ злэжьыпхъэм Придон фэрэ - хуит фызощI.

Жэуап кьетыр: «ИкъукIэ гуапэщ уи нэхъыжьыр зэрыплъытэр,
Кьанэ, ауэ нэщхьей цIыхум и гукъеуэр нэхъ мэятэ,
Ростан хуэпщI нэмысыр сэри зэрыслъагъуу хузоIуатэ,
Дыгъэ кьепсри уи щхьэгъусэ зэрыхъунум гу лъызотэ».

Автандил щIохьэж шэтырым аслъэныгурэ лIыхъужь кьабзэу,
ЩIэсщ Нестани, и бжьыфIагъыр пльагъумэ, уи нэр темызагъэу,
И нэгу фафIэм кьыщIех нурыр, хьэрыпыщым и нэху гъуазэу.
Тариэл Ростан деж макIуэ, гур и теплъэм игъэзагъэу.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

Зыузэщ1, ефIакIуэ, си лъэпкъ дахэ!

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Пщы1э къэс гущ1эр щ1эзы1этэ макъамэхэр къыщы1урт, джэгур зэщ1эпльэрт, ек1уу зэльы1ха пщ1антIэхэм щагъэльагъуэ пасэрей, иджырей хьэпшыпхэм ц1ыхухэм зыхагъэгъуазэрт. Псалъэм папщ1э, Бахьсэн, Шэджэм, Тэрч, Лэскэн щ1ынальэхэм, адрейхэми къызэдашат я Iэпщ1эльапщ1эхэм, сурэтыщ1хэм, ныбжьыщ1эхэм я Iэдакъэщ1эк1хэр. Апхуэдэщ арджэн, адыгэ фащэ зэмыл1эужьыгъуэхэр, хэдык1хэр, фальэхэр. Льэпкъ шхыныгъуэхэри куэду щагъэльэгъуащ. Лы1ык1ульбжьэ, мэрамыс1э, джэдлыбжьэ, мэрэзэй, хьэпы1э, зэтеупщ1ык1, шху, чыржын, мэрэмэжьей, дэлэн, жэмыкуэ, кхъуейжьапхъэ, зэк1эрыс, хъэнк1эл, дзажэ гъэжьа, лы гъэва, тхъурыжь, матэхъуей, жэрумэ, лыгъур гъэжьа, нэгъуэщ1хэми Iэнхэр къакъутэрт. Пасэрей хьэпшыпхэри гъэщ1эгъуэнт. Пщ1антIэхэм щагъэуват нэхъапэм къагъэсэбэпу щыта шыуанхэр, гуэгуэнхэр, Iэнэ лъакъуищхэр, фэлъыркъэбзкэр, пэрыIэмбэхэр, дзасэхэр, лъэрыгъэхэр, пхъэ уадэхэр, пхъэшык1ыухэр, бэлагъэхэр, гухъухэр, тхъуц1ынэуал1эхэр, шыгунхэр, хьэкъущ1к1ыу тегъэуваплэхэр, Iэ щхьэпхэр, чы матэхэр, пхъэ хьэнцэхэр, пхъэ Iэнпльэхэр, етуэхэр, тхъуальэхэр, убальэхэр, дамыгъэ тедзэхэр, лэгъупхэр, нэгъуэщ1хэри.

- Нобэрей махуэ льапIэм дыгушхуэу дрихьэлащ, адрейхэми хуэдэу, дэри абы ину дыщогуфык1. Тыркумрэ Израилымрэ щы1псэу ди лъэпкъэгъу 29-рэ ди пщы1эм къедгъэблэгъэнуци, абыхэм дапоплъэ. Хьэщ1агъэ етхынущ, я гуапэ тщ1ынущ. Ди щы1нальэм къыщы1длэжь хадзкэк1хэр, пхъэщхьэмыщхьэр, дгъэхьэзыр фI1ыгъэ зэмыл1эужьыгъуэхэр, нэгъуэщ1 ерыскъыхэк1хэр догъэльагъуэ. Гъуаздж1эмк1э еджапIэм щ1эс ныбжьыщ1эхэм я лэжьыгъэр хуабжьу гъэщ1эгъуэнщ, мы гуфIэгъуэм хэтхэр дихьэхыу йоплъ. Районым и творческэ гупхэм зыкъагъэльагъуэ. ДызэдэгуфIэу, дызэхуэгушхуэу нобэрей Iэхэу дахэм дыхэтщи, Тхьэм фы къытхудигъак1уэ, - жеI1э Бахьсэн щ1ынальэ администрацэм и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн.

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1 Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ Къбэрдей Адыгэ Хасэмрэ я тхьэмадэхэу Сэхъурокъуэ Хьэутий, ХьэфIыц1э Мухьэмэд сымэ ящ1ыгъуу нэгъуэщ1 къэралхэм къик1а ди лъэпкъэгъуэхэр пщы1эхэм яхуеблэгъащ, бысымхэм ехъуэхъуащ, ди лъэпкъым дежк1э а махуэм мыхьэнэшхуэ зэрил1эр къагъэльэгъуащ.

- Нобэрей гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр бэм я гум IэфIу къызэринэжьынум шэч хэльк1ым. Ди республикэм и ц1ыхухэр зы унагъуэшхуэм хуэдэу зэрыI1ыгъыу, гукъыдж инрэ дэрэжэгъуэрэ я1эу абыхэм зэрыхэтыр псоми ди нэгу щ1ок1. ГугъэфIхэр ди1эу яп1эк1э доплъри, дыщ1ыззэхыха Iэхэр тхуэфIыну, махуэ угъурлы тхуэхъуну Тхьэм жи1э, - къыхагъэщащ абыхэм.

ГуфIэгъуэ зэ1ущ1эр и к1эм щынэблагъэм, загъэпсэхуауэ, я нэгу зиужьауэ, зэхуа1уэтэжын я куэду хьэщ1эхэмрэ хэгъэрейхэмрэ зэбгрык1ыжащ.

ХЬЭЖЫК1ЪАРЭ Алик.

Хэт ар къывжезы1ар фэ адыгэр дык1уэдыжыну?

Къэбэрдей-Балъкъэрым мы гъэм ет1уанэу щагъэльэпIащ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я гуфIэгъуэ махуэшхуэр. Абы ирихьэл1эу республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ зэ1ущ1э гъэщ1эгъуэнхэр, зэхыхьэ гукъинэжхэр, зэпеуэ щхьэпэхэр щрагъэк1уэк1ащ. Налшык Профсоюзхэм щэнхабзэмк1э я уардэуэнэм гуфIэгъуэ концерт ин фокIадэм и 19-м щек1уэк1ащ.

ПШЫХЬ гуапэм къек1уэл1ащ зи анэдэльхубзэм, зи адыгэбзэ дахэм пщ1э хуэзыщ1ыж куэд. Апхуэдэуи абы къеблэгъащ нэгъуэщ1 льэпкъхэм ящ1ыщ, адыгэхэм ди гуфIэгъуэ махуэшхуэр къыддэзыгуэшыну зи мурад ц1ыхухэр.

Льэпкъ фащэ ек1ук1э зэщ1ыхуэпык1а щ1ал1эгъуал1эр утыку къихьа нэужь, адыгэ лъэпкъ пщы1ыгъыр кърабжэк1ащ ик1и дяпэк1э ди лъэпкъ жыгым хэщ1ыныгъэ имыгъуэтыну, абы тхьэмпэщ1эхэр къыпык1эурэ зиужьыну, льэпкъ къуэпсыр мыгъуну, ефIэк1уэну хъуэхъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и ц1ыхубэ усакIуэ, Социалист Пэжыгъэм и Пльхъужь, КъБР-м и къэрал саугъэтым и лауреат, Горький Максим и ц1эк1э щы1э Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащ Къ1щокъуэ Алим и «Си адыгэ Хэку» усэм езыр къеджэу архивым къыхахыжам къызэхуэсахэр щ1агъэдэ1уащ. Щ1ощэнц1ык1у Алий и ц1эр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ К1эхумахуэ ФатIимэ хъуэхъу дахэк1э пшыхьым кърихьэл1ахэм захуигъэзащ, адыгэбзэм тэухуа уси къаухуеджащ.

- Ди нэхъыжьыфIхэ, ныбжьэгъу лъапIэхэ, ди къуэшхэ, ди шыпхъухэ! Мы махуэхэм дуней псом щыдогъэльапIэ нэгъабэ я1эу дыубла Адыгэхэм ди махуэшхуэр, - захуигъэзащ пшыхьым кърихьэл1ахэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**. - Льэпкъым ди щхьэм кърик1уа щ1эщхъушхуэр, гуэвэгъуэшхуэр зэи тщы-гъупщэнукъым. Абы и зэранк1э адыгэ льэпкъыр дуней псом дыщы1эбгрыдза дыхъуащ. Ар у1эгъэ мык1ыжу ди льэпкъым и псэм сыт щыгъуи тельынущ. Зэрытщ1эщи, щыгъуэм щыгъуэ къешэ. Ильэс зыбжанэ хъуауэ Дунейпсо Адыгэ Хасэр, адыгэхэр дызыщ1эхъуэпс I эхъур къыдэхъул1ащ. Ди щ1эблэм блэк1ар ящымыгъупщэу, къэк1уэну махуэм гукъыдэж, гуфIэгъуэ, дэрэжэгъуэ я1эу I ущ1эн, я фащэ ек1ухэр щагъэльэгъуэн, джэгу дахэ щаублэн махуэу Дунейпсо Адыгэ Хасэм къыхэтлъха унафэр КъБР-м и Iэтащхьэ К1уэк1уэ Юрий къызэрыдиныгъам папщ1э фIыщ1э худощ1. Тхьэр арэзы къыухъу.

Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыц1э Мухьэмэдрэ дуней псом щыц1эры1уэ, адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфак1уэ ансамблым иратыжащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм а гупым хуигъэфащэ «Адыгэ лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэ» щ1ыхьыщ1эм щ1ыхьэт техъуэ тхьылъыр, адыгэ лъэпкъ гъуазджэм зегъэужьыным, дунейпсо щэнхабзэ зэпыщ1эныгъэхэр гъэбыдэным хэлъхьэныгъэфI зэрыхуащ1ам папщ1э.

ГуфIэгъуэ пшыхьыр ягъэдахащ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфак1уэ ансамблым (художественнэ унафэщ1ыр КъБР-м щ1ыхь зи1э и артист Атэбий Игорщ), «Балкарий» I уэры1уатэ-этнографие къэрал ансамблым (художественнэ унафэщ1ыр КъБР-м щ1ыхь зи1э и артист Кудаев Хьэсэнщ), уэрэдымрэ къафэмк1э «Тэрч къэзакъхэр» къэрал ансамблым (художественнэ унафэщ1ыр КъБР-м гъуазджэхэмк1э щ1ыхь зи1э и лэжьак1уэ Бочаровэ Галинэщ), УФ-м и Правительствэм и саугъэтым и лауреат, Адыгэ Республикэм уэрэдымрэ къафэмк1э и «Ислъэмей» къэрал ансамблым (художественнэ унафэщ1ыр композитор ц1эры1уэ Нехей Асльэнщ), Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм къафэмк1э и «Меркурий» театрым (Къэрэшей-Шэрджэс, Абхъаз республикэхэм я ц1ыхубэ артист Тание Валерэщ), «Шэджэм псыкъелъэхэр», «Кавказ», «Нартсанэ» уэрэджы1ак1уэ гупхэм, УФ-м щ1ыхь зи1э и артист, Налшык и Музыкэ къэрал театрым и уэрэджы1ак1уэ Ташло Алий, Къбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Ингуш, Осетие Ищхъэрэ-Алание, Шэшэн республикэхэм я ц1ыхубэ артист Нэхущ Чэрим, Къбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ, Ингуш, Осетие Ипщэ республикэхэм я ц1ыхубэ артисткэ Сокъур Ольгэ, КъБР-м щ1ыхь зи1э и артист Зеущэ Iэуес, Къбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ республикэхэм щ1ыхь зи1э я артист Гуаэз Тимур, КъБР-м щ1ыхь зи1э и артисткэ Бэрэгъун Марианнэ, дунейпсо щэнхабзэ фестивалхэм плIэнейрэ пашэ щ1ыхъуа, льэпкъыр зэрыгушхуэ щ1эблэхэм ящ1ыщ Къалмыкъ Тамерлан, нэгъуэщ1хэми.

Хабзэ хъуауэ, адыгэм и дэтхэнэ гуфIэгъуэми и к1эух уджымк1э пшыхь гуапэр зэхуащ1ыжащ. Къызэхуэсахэр Сэхъурокъуэ Хьэутий ехъуэхъуащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадзу зэрыхахьжамк1э.

Уэрэдхэр, хъуэхъухэр, усэхэр, льэпкъ къафэхэр, макъамэхэр куэду щызэхуэхуэна концерт щ1эщыгъуэр кърихьэл1ахэм ягу дыхьэнтэкъэ?! Зэрытщ1эщи, къафэмрэ макъамэмрэ бзэ хуэныкъуэкъым. Льэпкъ фащэ дахэк1э зэщ1ыхуэпык1а, къафэхэр пылъхьэнэзу зыгъэзащ1э, дыкъэзыгъафэ, дыкъэзыгъэудж ди къэфак1уэ Iэзэхэм я утыку итык1ым хэпльагъуэрт льэпкъым къыдек1уэк1 хабзэ дахэхэр. ЗэфIэк1 ин зыбгъэдэлъ, адыгэбзэр ек1уу зыгъэбзэрабзэ, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къыдзэыт артист пашэхэм, уэрэджы1ак1уэхэм уащык1эльыплък1э на1уэт адыгэ лъэпкъыр дызэрымык1уэдыжынр, дяпэк1и дызэрефIэк1уэнур, к1уэ пэтми зэрызыдужьынур.

Махуэшхуэ концертым зыкъраГъэхьэпIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Егоровэ Татьянэ**, Къбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1 **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, министрхэм, республикэм и къалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэм, ирагъэблагъахэм. Къишынэмыщ1ауэ, пшыхьым къек1уэл1ащ Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм, хамэ къэралхэм щыпсэууэ махуэшхуэр Хэкужьым щы1ыгъэльапIэну, ди зэкъуэтныныгъэр, зэкъуэшныгъэр нэхъри зыгъэбыдэну хущ1экъуэ ди лъэпкъэгъуэхэр.

ТЕК1УЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэрэ Елькъэн Артуррэ** *трахащ.*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦ1Э Мухьэмэд

ДИ ХЭЩ1АПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленниным и ц1эр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщ1анэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щыт радзащ.
КъБР, Налшык къ., Ленниным и уэрам, 33.

Газетым 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымк1э Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ынальэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щ1эту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 21.30-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 3.167
Заказ №1592